

## Ki pwochen etap la pou CSC nan Re-imaginer Swen ak Edikasyon Timoun Piti nan Palm Beach County?

Rechèch ki fèt pandan plizyè dizèn lane demontre enpòtan eksperyans pozitif timoun piti ak bon kalite swen ak edikasyon timoun piti (early care and education, ECE) nan favorize sante, siksè nan lekòl ak byennèt pou timoun yo. Jodi a, Children's Services Council of Palm Beach County (CSC) ap redefini fason nou sipòte bon jan kalite gadri pou timoun nan Palm Beach County pou tout timoun nou yo gen opòtinite pou yo grandi an sante, an sekirite ak an plèn fòm.

## Kontèks

Children's Services Council of Palm Beach County (CSC) invest nan swen ak edikasyon pou timoun piti pou fanmi nan kominote nou an ka jwenn aksè a bon jan kalite gadri pou timoun epi pou timoun yo pare pou jadendanfan. Aktyèlman CSC ap fè sa nan de (2) fason:

1. li ofri bousdetid ak finansman an kontrepati bay fanmi ki elijib finansyèman yo<sup>1</sup> (\$35 milyon an 2023); epi
2. li bay sipò, fòmasyon ak lòt resous dirèkteman nan pwogram gadri pou timoun yo atravè Sistèm Evalyasyon ak Amelyorasyon Kalite (Quality Rating and Improvement System) nou an, yo rele tou Strong Minds (\$11 milyon an 2023).

An 2018, chanjman nan finansman nan nivo eta a te bay CSC opòtinite pou reyafekte anviwon \$7 milyon ke nou investi dirèkteman nan pwogram gadri pou timoun. (Fon pou bousdetid yo p ap afekte.) Pou asire opinyon kominote a te enkli nan pwosesis pou pran desizyon an, CSC te òganize yon seri opòtinite pou angajman apati mwa me jiska septanm 2023. Seri sa yo te gen ladan diskisyon an pèsòn, diskisyon ti gwoup vityèl ak entèvyou endividyèl, ansanm ak yon platfòm sou entènèt ki te kreye pou konekte paran ak moun k ap bay swen yo ak pwofesè, direktè, anplwaye, pwopriyetè/operatè gadri pou timoun yo, founisè kominote ak patnè sistèm yo. Ototal, 577 rezidan (291 pwofesyonèl gadri pou timoun ak 286 paran ak moun k ap bay swen) te patisipe nan omwen yon platfòm.

Patisipan yo te reponn kesyon sou espwa ak rèv ni paran yo ni anplwaye gadri pou timoun y ap okipe yo, sou eksperyans resan yo ak sou resous ki ka nesè pou kreye yon anviwònman "ideyal". Patisipan yo te pataje pwendvi yo tou sou ak kisa siksè sanble pou pitit yo, ak pou kominote gadri pou timoun anjeneral nan Palm Beach County.

## Rezilta yo

Aprè li fin analize enfòmasyon yo te rasanble nan angajman yo, anplwaye CSC yo te idantifye kat pwensipal:

### 1. Aksesibilite a Gadri pou Timoun

**Poukisa li enpòtan:** Aksesibilite, disponibilite ak abòdabilite a gadri pou timoun jwe yon wòl vital nan fasònman byennèt moun, fanmi ak kominote yo paske sa pèmèt paran yo ak moun k ap bay swen yo patisipe nan mendèv la, sa ki ranfòse estabilite travay ak sekirite ekonomik.

---

<sup>1</sup> Early Learning Coalition of Palm Beach County (ELC), nan kad wòl lidèchip li nan aprantisaj bonè, administre lokalman pwogram Preparasyon pou Lekòl nan Florida ak pwogram Prematènèl Volontè (School Readiness and Voluntary Pre-K) ki bay paran ki elijib èd finansye pou ede yo peye pou depans pou gadri pou timoun yo.

**Sa kominote a te di:** Paran yo vle gadri pou timoun ki abòdab, disponib e ki founi bon kalite swen ki pèmèt yo al travay pandan ke pitit yo ap aprann ak devlope. Yo di ke pwosesis pou aplike pou èd finansyè a twò konplike. Pwopriyetè/direktè gadri pou timoun yo ap lite pou yo rete estab finansyèman e yo vle pou paran yo konprann valè – ak depans ki gen rapò ak – ofri bon jan kalite swen.

## 2. Devlopman ak Byennèt Timoun

**Poukisa li enpòtan:** Gadri pou timoun jwe yon wòl enpòtan anpil nan aprantisaj, devlopman ak byennèt timoun yo depi nan anfans yo jiskaske yo antre nan jadendanfan. Sepandan, plizyè faktè andeyò salklas la afekte byennèt ak aprantisaj yon timoun, e sa gen ladan, enpak twomatis ak kondisyon sosyo-ekonomik yo.

**Sa kominote a te di:** Paran yo vle asire ke sant kote pitit yo ye a pwòp e an tout sekirite, e ke pwofesè yo atantif, konpetan e gen eksperyans nan devlopman timoun; Pwofesè yo kwè ke pwopòsyon ant kantite timoun pou chak pwofesè twò wo epi yo pa pran an konsiderasyon timoun ki bezwen plis swen oswa sipò yo. Pwofesè yo te konstate yon gwo ogmantasyon nan kantite timoun ki gen twoub konpòtmantal ak devlopman apre pandemi COVID la. Y ap chèche resous ak sipò pou fè fas ak nouvo defi sa yo epitou pwosesis ak resous ki egziste deja pou depistaj, evalyasyon, referans ak sèvis sipò yo pa satisfè demann ki genyen an.

## 3. Relasyon ant Paran ak Pwofesè ak Sipò Mityèl

**Poukisa li enpòtan:** Timoun yo benefisye lè paran ak manm fanmi yo travayan tèt ansanm avèk pwofesyonèl timoun piti yo pou favorize aprantisaj ak devlopman timoun nan.

**Sa kominote a te di:** Paran yo ansanm ak pwofesè yo panse ke yon relasyon solid ant fwaye a ak lekòl la se pi bon bagay ki ka genyen an pou timoun yo. Men, pafwa paran yo santi ke yo pa byen akeyi yo nan lekòl pitit yo epi ke pwofesè pitit yo a pa apresye yo; Malgre ke yo konprann presyon anpil fanmi ap sibi, pwofesè yo souvan fristre akoz sa yo wè kòm yon mank swivi sou bò paran yo ak yon santiman jeneral nan mank respè. Toude gwoup yo ap chèche fason pou kominike pi byen pou chak nan yo santi yo lòt la respekte ak apresye li.

## 4. Rekritman ak Retansyon Anplwaye yo

**Poukisa li enpòtan:** Rekritman ak retansyon yon mendèv kalifye pou gadri pou timoun jwe yon wòl esansyèl nan kalite swen ak devlopman timoun nan sant la.

**Sa kominote a te di:** Pwofesè yo vle avantaj debaz ak yon salè desan ki pèmèt yo viv, avèk tou sipò ak respè pou defi yo fè fas ak yo chak jou nan salklas la; Pwopriyetè/direktè yo ap lite ak to wotasyon estaf la ki elve, estrès finansye, règleman k ap chanje tout tan, ak anplwaye ki pa gen eksperyans.

## Komite Konsiltatif Rezidan

Nan sezon otòn 2023 a, Children's Services Council (CSC) te etabli yon **Komite Konsiltatif Rezidan (Resident Advisory Committee, RAC) pou Swen ak Edikasyon pou Timoun Piti** ki gen 16 manm, ki fòme ak yon gwoup paran, pwofesè ak pwopriyetè/direktè gadri pou timoun ki reprezante divèsite jewografik, rasyal/etnik, ak kiltirèl Palm Beach County (PBC) a epi ki angaje l ak CSC pandan sezon ete a pou yo travay an kolaborasyon pou yo devlope rekòmandasyon pou nouvo sèvis yo.

Pwosesis pou RAC a te gen ladann tan ki konsakre pou konstitisyon ekip yo gras ak pataj eksperyans ak konesans pèsònèl, aprantisaj sou kominote aktyèl pou swen ak edukasyon pou timoun piti nan PBC yo, epi egzamine rezilta angajman yo anvan yo kòmanse diskisyon epi etabli priyorite. RAC a te idantifye de domèn denterè kle: fidelizasyon pwofesè epi devlopman ak byennèt timoun. Swit ak sa, anplwaye CSC ak RAC yo te idantifye estrateji ki gen potansyèl pou abòde domèn kle yo. Estrateji priyorite yo gen ladan yo:

1. Motivasyon pou amelyore salè ak avantaj sosyal pwofesè ki nan gadri.

## 2. Sipò nan salklas pou pwoblèm konpòtman ak devlopman.

Yo te konfime estrateji yo idandifye yo gras ak yon majorite rezidan ki te patisipe nan yon sesyon diskisyon ki fèt paralèlman ak travay RAC a. Manm RAC yo egzamine divès modèl pou reponn ak bezwen fidelizasyon pwofesè ak devlopman timoun yo epi, sou baz travay sa a, y ap fòmile rekòmandasyon sa yo.

## Rekòmandasyon

### Sipleman Salaryal

Premye rekòmandasyon an se pou egzekite yon pwogram sipleman salaryal k ap kòmanse nan Prentan 2025 pou bay pwofesè timoun piti, ki travay ak timoun ki gen laj zero rive senk lane nan Palm Beach County, motivasyon finansyèl, pou rekonèt devouman ak lonjevite yo nan domèn aprantisaj pou timoun piti a. Sipleman yo ap:

- Lye ak fòmasyon ak edikasyon, lonjevite, nòt evalyasyon KLAS yo.
- Distribiye dirèkteman bay pwofesè yo/estaf la chak sis mwa, san delè atant minimòm pou aplike.
- Varye ant \$200 ak \$6,000 chak ane.

### Sipò nan Salklas

Dezyèm rekòmandasyon an se founi asistans sou plas nan salklas la. Rekòmandasyon sa a mande divès estrateji epi li bezwen tan adisyonèl avan li egzekite. Estrateji ki eksplore yo gen ladan yo tout sa ki ankouraje devlopman tout timoun; ki pèmèt timoun ki gen bezwen nan domèn devlopman ak konpòtman yo epi fanmi yo konekte avèk resous yo pi rapid; ki ranfòse konesans nan domèn konpòtman ak jesyon salklas; epi ranfòse relasyon paran-pwofesè. Travay sa a ta dwe kòmanse nan ane 24/25 epi rive jis 26/27 jan li detaye pi ba:

- Akoutèm: (Ane Fiskal 24/25)
  - Devlope epi kòmanse bay fòmasyon sou devlopman sosyo-emosyonèl, ranfòse relasyon paran-pwofesè, ak jesyon salklas pou pwofesè yo ak paran yo.
  - Kreye yon gid resous/navigasyon anliy pou ede pwofesè yo ak paran yo aksede ak pwogram sante devlopman ak konpòtman nan Palm Beach County.
- Entèmedyè (Ane Fiskal 25/26)
  - Dekouvri yon sèvis sou demand ki bay espesyalis pou sipòte sante konpòtman timoun yo nan pwogram swen pou timoun.
- Alontèm (Ane Fiskal 26/27)
  - Si sa nesèsè, rekòmande nouvo sèvis ki sipòte sante konpòtman nan domèn swen ak edikasyon pou timoun piti.

### Mini-Sibvansyon

Rekòmandasyon final la se yon mini sibvansyon yon sèl fwa nan ane fiskal (Fiscal Year, FY) 24/25 lan pou pwogram gadri pou timoun nan PBC k ap resevwa finansman piblik pou ede timoun. Finansman sa yo ap pèmèt pwogram gadri pou timoun yo abòde pwoblèm kle ECE (Early Care and Education, ECE) te idantifye yo nan enplikasyon I pandan CSC t ap travay sou pwòje sipleman salaryal la. Finansman sa a reponn tou ak pèt American Rescue Plan Act Funding (ARPA) a ak Strong Minds Tiered Reimbursement lan, k ap pran fen nan sezon Otòn 2024.

## Ou gen kesyon?

Pou kesyon espesifik oswa pou plis enfòmasyon sou pakou Re-imagining ECE CSC a, ak/oswa pou jwenn yon kopi konplè Dokiman Enfòmasyon ECE a, tanpri voye yon imèl bay [reimaginingece@cscpb.org](mailto:reimaginingece@cscpb.org).

